



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 12 me 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GAYAN NAN KONKOU POWER BRIDGE NY POU KONDWI DEVLOPMAN
PWODUI ENÈJI PWÓP**

***Inivèsite Columbia / NYU Sant Jeni Lekòl Politeknik finanse pwojè pou chanje lide teknoloji pwòp an
biznis ak devlope ekonomi New York***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse premye seri prim ki soti nan PowerBridge NY, yon sant Prèv-Konsèp ki te kreye pa twò lontan de sa te etabli pou avanse lide enèji pwòp nan laboratwa pou vin tounen biznis ki gen siksè nan Eta New York. Prim sa yo ap kontinye sipòte devlopman ekonomi teknoloji pwòp New York pou kreye travay ak biznis ki konsantre sou aparasyon teknoloji enèji pwòp.

“New York ap pran yon wòl lidè nan sipòte devlopman pwodui teknoloji pwòp ki bon pou anviwonman an, redwi itilizasyon enèji ak ogmante fyabilite sistèm enèji Eta,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Lè chèchè ki pi briyan nan teknoloji pwòp Eta New York gen opòtinite pou kolabore avèk espesyalis entelijan ki gen eksperyans nan sektè prive a, rezilta a kapab vin yon fòs pwisan pou devlopman ekonomik ki lakoz nan yon eta ki pi pwòp, pi vèt, pi dirab pou jenerasyon kap vini yo.”

PowerBridgeNY te kreye pa Inivèsite Columbia ak Inivèsite New York lekòl Jeni Politeknik, ki dirije yon konsòsyòm enstitisyon rechèch piblik nan tout eta, e li pasyèlman finanse pa Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji (NYSERDA).

Gayan yo ap travay sou pwodui yo avèk posibilite pou redwi depans nan tretman sou dlo ize, ogmante efikasite enèji pano solè, redwi sou koupi elekrisite, diminye sou pri gaz, absòbe gaz kabònik - yon gaz greenhouse - ki soti nan anviwonman, ak jenere enèji pwòp nan vibrayson chemendefè, pami lòt.

“Finansman ki te anonse jodia pral ede syantis sa yo, chèchè ak antreprenè yo deplase teknoloji inovè yo pipre a preparasyon mache jan yo abòde kesyon teknik enèji pwòp,” te deklare John B. Rhodes, Prezidan ak PDG NYSERDA. “Grasa sipò Gouvènè Cuomo, sant prèv-konsèp ap avanse inovasyon teknoloji pwòp nan eta New York, devlope nouvo konpayi ak komèsyalize nouvo jenerasyon pwodui ki pral ede redwi itilizasyon enèji nan Eta.”

Gayan prim PowerBridgeNY yo ap resevwa jiska \$150,000, konsèy ak lòt sipò biznis pou devlope yon pwodui teknoloji pwòp inovè ki te premye konsevwa gras a rechèch ki te fèt nan Eta New York.

Haitian Creole

Kòm Gouvènè Cuomo te anonse, NYSERDA te bay finansman pou kòmanse nan mwa janvye 2013 a Columbia, NYU Polytechnic School of Engineering ak High Tech Rochester pou kreye sant Prèv-ak konsèp. Finansman -- \$5 milyon dola pou chak nan twa òganizasyon yo-- se pou senkan apresa yo espere pou sant lan fonksyone pou kont li. Sant lan nan Rochester, ki rele Nexus-NY, espere pou l pibliye non gayan premye finansman an.

Biznis yo te jije sou potansyèl teknik pwodui a, rekou potansyèl a investisè yo ak fason syantis yo kapab benefisye nan patisipe nan pwogram sa a.

“Pwojè prim sa yo, sa ki pral amelyore anviwonman nou an ak ranfòse ekonomi an, se prezizeman sa nou te vizyone 16 mwa de sa lè Gouvènè Cuomo te angaje sipò eta pou fè patenarya avèk Columbia, NYU Polytechnic School of Engineering ak High Tech Rochester,” te deklare Prezidan Columbia University Lee C. Bollinger. “Nou kontan pou nou patisipe nan efò sa a ak pou chèche pyonye Columbia nan teknoloji dirab ak solisyon enèji pwòp pou genyen yon lòt opòtinite pou kontribye nan kominote nou an, New York ak sosyete a anjeneral.”

“PowerBridgeNY jwe yon wòl esansyèl nan angajman NYU Polytechnic School of Engineering pou kondwi inovasyon,” te deklare Katepalli R. Sreenivasan, Dwayen [Polytechnic School of Engineering](#). “Kòm youn nan kèk ra sant prèv-konsèp nan tout peyi a, PowerBridgeNY pral akselere tradiksyon rechèch ki fèt nan laboratwa toupatou nan Eta atravè premye etap difisil nan komèsyalizasyon, pandan lap edike chèchè akademik yo nan fason pou delivre solisyon a pwoblèm presan nan chanjman klima. Nou fyè pou nou patisipe avèk Gouvènè Cuomo NYSERDA ak premye enstitisyon rechèch New York nan inisyatif sa a, e nou konplimante 13 ekip yo ki te chwazi a.”

Ekip rechèch yo ki te genyen premye seri finansman PowerBridgeNY gen ladann:

Columbia University:

- **Deteksyon bonè nan pwosesis mikwòb tretman dlo ize pou redwi depans enèji**
- **Transfòme dechè diyoksid kabòn ak elektrisite nan konbistib oswa pwodui chimik pou redwi depandans nan konbistib fosil**
- **Nouvo aparèy a bon pri pou mezire itilizasyon enèji pandan verifikasyon enèji**
- **Machin previzyon pou amelyore rezo fyabilite ak ogmante efikasite**

NYU Polytechnic School of Engineering:

- **Redwi nan koupi elektrisite**
- **Rechaj san fil machin elektrik**

Haitian Creole

- **Bati yon transfòmasyon pwisans ki pi efikas**

City University of New York:

- **Redwi pousyè sou pano solè yo pou ogmante efikasite enèji**
- **Amelyore efikasite enèji teknoloji HVAC**

Cornell University

- **Lavi pil ki pi long; tan rechaj ki pi rapid pou nouvo pil a oksid lityòm**
- **Nouvo materyèl pou absòbe emisyon gaz kabonik**

Brookhaven National Laboratory

- **Redwi nan depans pou pil a konbistib ak elektwolizè**

University of Stony Brook

- **Jenere enèji pwòp apati vibrasyon nan chemendefè**

Anplis de finansman pou sant prèv-konsèp yo, NYSERDA egalman te investi nan yon varyete lòt inisyativ antreprenarya enèji pwòp, sa ki gen ladann enklab biznis teknoloji pwòp nan eta; yon pwogram antreprenè an-rezidans ki relye konsepte ki gen eksperyans nan biznis avèk demaraj teknoloji pwòp; Green Capital Empire, yon inisyativ ki patwone pa NYSERDA ki deziyen pou pote finansman nan premye etap a biznis enèji pwòp yo ki baze nan New York.

Avèk dènye inisyativ sa a, wòl New York kòm yon lidè ak premye motè pou fasone avni enèji rete fèmman anplas. Nan devlope solisyon mache inovè, Eta ap delivre sou angajman Gouvènè Cuomo pou transfòmasyon endistri enèji a nan yon sistèm ki pi rezistan, pwòp, bon mache ak dinamik. Travay avèk Eta, sitwayen ak aksyonè yo nan endistri a, fason yo fè biznis nan New York ap deplase nan yon apwòch ki plis santre sou mache desantralize. Sa a vle di prezève anviwonman an, diminye depans enèji ak kreye opòtinite pou kwasans ekonomik pou jenerasyon aktyèl la ak pwochen jenerasyon Nouyòkè yo. Nan avanse nouvo sistèm ak solisyon enèji sa yo, Nouyòkè yo pral genyen enèji amelyore a ba pri ak efikasite san yo pa sakrifye kapasite pou yo viv nan yon anviwonman ki pi pwòp, rezistan ak pi dirab.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Haitian Creole